*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№177 (26629)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 26 сентябрь – рухæны мæйы 26 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 "ИУГОНД УÆРÆСЕ" *Фылдæр хъæлæстимæ*
3 ТЕМАТИКОН ФАРС *Нæ Иры фæсивæд*
4 ФЕМБÆЛД *Уыдон садойнаг дидинджытæ сты*

Хицауадæй

# Æнæзакъон финансон операцитæ



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО видеобастдзинады фæрцы архайдта, Цæгат Кавказы федералон зылды Æнæзакъон финансон операциты ныхмæ гæрæнтæ аразæг, ведомствæты 'хсæн кусæг къорды æмбырды.**

Амыдта йæ Уæрæсейы Федерацийы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды **Юрий Чайка**. Архайдтой дзы регионты сæргълæуджытæ, профилон ведомствæты æмæ барадхъахъхъæнæг структурæты территориалон хайæдты разамонджытæ.

Æмбырды æркастысты, регионалон æмæ паддзахадон программæтæ, социалон-экономикон рæзты æмæ инвестицион проекттæ æххæст кæнгæйæ, æнæзакъон финансон операцитæ не 'руадзыны мадзæлттæм.

Юрий Чайка куыд фæбæрæг кодта, уымæ гæсгæ ныртæккæ Цæгат Кавказы федералон зылды æххæстгонд цæуынц, алы æмвæзады бюджеттæй стыр финанстæ кæмæн радих кодтой, ахæм сæдæгай программæтæ æмæ проекттæ. Уыимæ сæ, æнæрастæй спайда кæныны тасдзинад сæвзæры алы къæпхæны дæр – бадзырд саразыны фыццаг аргъæй æмæ æрмæджытæ балхæнынæй суанг баххæстгонд куыстытæ райсын æмæ æппæт бахыгъдтæн бафидыны онг. Уыцы æгъдаухæлдтытæ раиртасынц цæстдарæн-нымайæн æмæ барадхъахъхъæнæг оргæнтæ.

– Бюджетон фæрæзтæ бахъахъхъæнын, ахадгæйæ сæ нысанмæ гæсгæ спайда кæнын, ахсджиаг у, цæрджыты царды уавæртæ фæхуыздæр кæнын æмæ нæ бæстæйы рæзты хъуыддаджы дæр, – бахахх кодта Юрий Чайка.

Дарддæр ма раныхас кодтой УФ-йы генералон прокуроры хæдивæг **Сергей Бажутов,** УФ-йы Мидхъуыддæгты министрады паддзахадон управленийы разамонæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг Цæгат Кавказы федералон зылды **Николай Букин**, регионты 'хсæн Финансон мониторингы федералон службæйы управленийы разамонæг Цæгат Кавказы федералон зылды **Алексей Русин** æмæ иннæтæ.

Æмбырды кæронбæттæны лæвæрд æрцыдысты бæлвырд фæдзæхстытæ, бæрæггонд æрцыд сæ сæххæст кæныны рæстæг дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Æмбырд

# Ædасдзинады фадæттæ

**Фæззыгон-зымæгон зынгсирвæзтæй тæссаг рæстæгмæ цæттæдзинад, ахуыргæнæндæтты зынгсирвæзты ныхмæ æдасдзинады мадзæлттæ саразыныл ныхас цыд Æнæнхъæлæджы уавæртæ не 'руадзын æмæ аиуварс кæныны республикон къамисы æмбырды. Амыдта йæ РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг ТОМАЙТЫ Ирбег.**



Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады паддзахадон управленийы граждайнаг хъахъхъæнынад æмæ цæрджыты æдасдзинады управленийы разамонæджы хæдивæг **Хъæрджынты Игорь** куыд фехъусын кодта, уымæ гæсгæ фæззыгон-зымæгон зынгсирвæзтæй тæссаг рæстæгмæ цæттæдзинады фæлгæты куыст цæуы цæрджытимæ: «зилæм сыл, бирæфатерон хæдзæрттæ æмæ цæхæрадæтты æмбалæдты цæрджыты æрбамбырд кæнæм, хъæуты цæрджыты æмæ семæ иумæ зынгсирвæзт не 'руадзыны мадзæлттæ æвзарæм.

Томайты Ирбег бынæттон хиуынаффæйады администрациты сæргълæуджытæн бафæдзæхста, æнæнхъæлæджы уавæртæ не 'руадзыны æмæ аиуварс кæныны къамисты æмбырдтæ æмæ муниципалон районты зынгсирвæзты ныхмæ æдасдзинады мадзæлттæ саразын. Артгæнæн рæстæг хъуамæ уæлдай æргом здæхт цæуа, цæрæнуаты къабазы зынгсирвæзты ныхмæ æдасдзинады мадзæлттæм, уыимæ, хæдзæрттæ æмæ фатерты мидæг газы ифтонггæрзтæй пайда кæнгæйæ.

Фæззыгон-зымæгон зынгсирвæзтæй тæссаг рæстæг хицæн кæны, цæрæн къабазы зынгсирвæзтæй тæссаг кæй у, фæлæ ма æрдзон зынгсирвæзтыты нымæц кæй фæфылдæр вæййы, уымæй. Уымæ гæсгæ Граждайнаг хъахъхъæнынад æмæ Æнæнхъæлæджы уавæрты хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Александр Хоружий** муниципалон скондты сæргълæуджыты зæрдыл æрлæууын кодта, ахæм зынгсирвæзтытæ хуыссын кæнынæн цы пъланыл бакуыстой, уый. Уыцы пъланаз зынгсирвæзты ныхмæ гæрæнтæ саразынæн радих кодтой 300 милуан сомы. Уыдоны руаджы æххæстгонд æрцыдысты æппæт зынгсирвæзт ма 'руадзыны домæнтæ.

Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады паддзахадон управленийы профилактикон куыст æмæ цæстдарæн архайды управленийы разамонæджы хæдивæг РЦИ-Аланийы **Хъайырты Зауыр** фæнысан кодта, уæлдай æргом профилактикон мадзæлттæм аздахын кæй хъæуы – ведомствæйы специалистты методикон æмæ консультативон æххуыс стыр ахъаз у, ахуырадон объекттæ, рагагъоммæ цалцæджы рæстæг, зынгсирвæзтæй бахизынæн.

Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады паддзахадон управленийы разамонæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг РЦИ-Аланийы **Сергей Веретенников**, республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрадимæ æмархайд, æрхаста дæнцæгæн, æмæ иннæ æххæстгæнæг хицаудзинады оргæнтæм дæр фæсидт æмгуыстад фидардæр кæнынмæ. Йæ ныхасмæ гæсгæ, профилактикон куыст фæтынгдæр кæнын ахъаз уыдзæн аиппытæ афойнадыл аиуварс кæнынæн.





мæ гæсгæ муниципалитеттæ æнæмæнг хъуамæ бацæттæ æмæ сбæрæг кæной сæ хъарутæ æмæ фæрæзтæ.

Æмбырды ма бахыгътой, ахуыргæнæндæттæ ног ахуыры азмæ куыд цæттæ сты, уый. Цæгат Ирыстоны ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады управлениимæ æнгом æмгуыстады фæрцы, æппæт цæттæгæнæн куыстытæ ацыдысты æмбæлгæ уагыл, æппæт организациты дæр райдыдта ахуыргæнæн процесс. Ацы

**ГÆБУАТЫ Галинæ**

Æхсызгон цау

# Гайтойы цыртдзæвæн – Дзæуджыхъæуы

**Дзæуджыхъæуы Центрон парчы, Горькийы уынджы 'рдыгæй кадджын уавæры байгом кодтой ГÆЗДÆНТЫ Гайтойы цыртдзæвæн. Уый уыдис, амалхъом адæймæгтæ ПУХАТЫ Олег æмæ ДЗГОЙТЫ Валерийы хъæппæрис. Скульптурæ сарæзта зындгонд скульптор СОСКЪИТЫ Владимиры фырт Барис.**



Кæд асæст бон уыд, сæлфынæг кодта, уæддæр цыртдзæвæн байгом кæнынмæ тынг бирæ адæм æрбацыд: РЦИ-Аланийы культурæйы министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Гуыдиаты Батрадз**, Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг **Ходы Мæдинæ,** ЦИПУ-йы уырыссаг филологийы факультеты декан **Толасты Иринæ**, Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты директор **Хъаныхъуаты Зæлинæ,** филологон наукæты доктор, ирон традицион культурæ иртасæг, **Сæлбиты Тамир,** уырыссаг фыссæг **Юрий Нечипоренко**, фысджытæ, нывгæнджытæ, ахуыргæнджытæ, студенттæ, мыггаджы минæвæрттæ æмæ æхсæнадон царды иннæ архайджытæ. Гайтойы царды тыххæй радзырдта, Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг театры директор **Владимир Уваров.**

– Абон махæн бæрæгбон у. Гæздæнты Гайтойæн гом кæнæм цыртдзæвæн. Къорд азы размæ Дзæуджыхъæуы Миллеры уынджы Пушкинæн куы гом кодтой, Соскъиты Владимиры арæзт цыртдзæвæн, уæд уый мæнæн стыр кады хос уыд. Абон дæр мæм афтæ кæсы, цыма Александр Пушкин мæнæ Уырыссаг театры дуармæ æрлæудзæн æмæ файтонæй æрхиздзæн. Уыцы мадзал куы амыдтон, уæд мæ уды æмæ зæрдæйы ноджы фылдæр сæрыстырдзинад сырæзыд канд поэтмæ нæ, фæлæ Дзæуджыхъæу æмæ Соскъиты Владимирмæ. Абон дæр та ахæм цау ралæууыд. Æрмæст Владимиры фырт Барис сарæзта, ирон адæмы аккаг хъæбултæй иу Гæздæнты Гайтойы цыртдзæвæн æмæ та, ацы хъуыддаг амонын дæр мæнæн бабар кодтой. Гайтойы уæззау хъысмæты фæдыл дзурын æнцон нæу. Цы бирæ диссæгтæ бавзæрста эмиграцийы рæстæг, уыцы уавæртæ йын уæддæр йæ зæрдæ нæ фæхъæбæр кодтой, фæлæ архайдта, адæмы рæгъмæ рацæуыныл.

Гайто Ирыстоны нæ райгуырд, Бетъырбухы – ирон бинонты 'хсæн, фæлæ йæ фыдæлты уæзæджы уидæгтимæ уыдис æнгом баст. Алы сæрд дæр- иу йæ фыдыфыдмæ Ирыстонмæ æрцыд. Уæд Дзæуджыхъæуы æрдзон нывтæ уынгæйæ, йæ зæрдæйы арф æрцард Ирыстон. Граждайнаг хæст куы райдыдта, уæд Гайто 20-аздзыдæй афтыд фæсарæнтæм æмæ алы рæтты рахау-бахау кодта. Фæстагмæ æрбынæттон ис Парижы. Бирæ зынтæ æмæ удхæрттæ бавзæрста æцæгæлон бæстæйы, адæймаг сæ дзырд нæ фæуыдзæн, фæлæ йæ фыдæбоны руаджы скодта йæхицæн ном. Гайто уыдис фæзминаг æмæ кадджын ныййарджыты хъæбул. Йæ мад каст фæцис «Бестужевские» кæй хуыдтой, уыцы курсытæ, уыдон та, уыцы заман сылгоймагæн æппæты бæрзонддæр æмæ кадджындæр ахуырадыл нымад уыдис-ты. Гайто фыста уырыссаг æмæ французаг æвзæгтыл, фæлæ йе сфæлдыстадæй иунæг чиныг дæр мыхуыры нæ рацыд, цалынмæ æгас уыд, уæдмæ. Гайтойы уацмыстæ тæлмацгонд æрцыдысты дунейы бирæ бæстæты æвзæгтæм, уыимæ, нæхи ирон æвзагмæ дæр Европæйы стыр аргъ кæнынц Гайтойы сфæлдыстадæн æмæ уый хуымæтæджы нæу, – загъта Владимир Уваров.

Митинджы раныхас кодта, ацы хъуыддаг кæй хъæппæрисæй сырæзт, уыцы амалхъом адæймаг Дзгойты Валери дæр. Уый загъта:

– Иу хатт нырыккон зындгонд уырыссаг фыссæг Евгений Водолазкинимæ иу фынгыл цай цымдтам. Æз æй афарстон, Гæздæнты Гайтойы тыххæй цы хъуыды кæны, уымæй. Евгений мæм æрбакаст æмæ афтæ бакодта: «Это русский классик, это писатель первого ряда». Мæнæн тынг æхсызгон уыдысты фыссæджы ныхæстæ. Уæд сфæнд кодтам ме 'мбал Пухаты Олегимæ Гайтойæн цыртдзæвæн нæхи горæты байгом кæнын. Уыимæ, нæхи ирон адæмæй бирæтæ Гайтойы зонгæ дæр нæ кодтой. Уыцы хъæппæрисимæ бацыдтæн нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйломæ** æмæ мæ фæндыл сразы. Æнцой нын фæлæууыдысты РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис** æмæ Дзæуджыхъæуы мэр **Милдзыхты Вячеслав** дæр. Стыр бузныг сын зæгъын. Уыдоны æххуыс куы нæ уыдаид, уæд нæ хъуыддагæй уайгæ дæр ницы ракодтаид. Фæлæ нæм разынд, ацы хъæппæрисимæ разы чи нæ уыд, ахæмтæ. Гайтойы хъысмæт тынг уæззау уыд. Францмæ куы афтыд, уæд йæ мысинæгты фыста: «Нет в Париже такой лавки, где я не ночевал». Йæ зынтæй фервæзт, йæ къæхтыл слæууыд æмæ сси, дунейы йæ ном æмæ йæ уацмыстæ алы æвзæгтыл кæм кæсынц, ахæм фыссæг. Каст фæци Парижы Сорбоннæйы университет дæр. Гайто махæн у сæрыстырдзинад, æмæ мæ фæнды, нæ фидæны фæлтæртæ цæмæй зоной не 'мзæххонты æндæр бæстæты царды истори, – загъта Дзгойты Валери.



Ам ма раныхас кодтой Сæлбиты Тамир, Толасты Иринæ æмæ фыссæг Юрий Нечипоренко.

Цыртдзæвæн байгом кæныны хæс та лæвæрд æрцыд Соскъиты Барис æмæ Дзгойты Валерийæн. Мадзал арæзт у, ноябры Гæздæнты Гайтойы райгуырдыл 125 азы кæй сæххæст уыдзæн, уый кадæн.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

## Дзырды фарн

***Зараг æмæ кафаг лæппу хæдзар нæ дары.***

*ÆМБИСОНД*

«Иугонд Уæрæсе»

# Фылдæр хъæлæстæ




**Уæрæсейы Парламенты дæллаг палатæмæ политикон парти «Иугонд Уæрæсе» райста 349 мандаты, уый, раздæры æрсидтимæ абаргæйæ, у 25 мандаты фæлдæр. Федералон хыгъдмæ гæсгæ, æвзæрст æрцыд 140 депутаты, иумандатон зылдты партионтæ райстой 209 мандаты.**

Афтæмæй политикон парти «Иугонд Уæрæсе» Паддзахадон Думæйы конституцион æмбарынадмæ гæсгæ, ссис фылдæр хъæлæстимæ фракци. Уыдæттæ «Иугонд Уæрæсе»-йы Уæлдæр советы æмæ партийы Генералон советы Бюройы иумæйаг æмбырды фехъусын кодта партийы Сæрдар **Дмитрий Медведев**. Сæрдары ныхасмæ гæсгæ, кæронбæттæн нымæцтæ æвдисынц, «Иугонд Уæрæсе» йæ размæ цы хæстæ æвæрдта, уыдон йæ къухы бафтыдысты.

«Фæлæ сæйрагдæр у адæмы æууæнк, уый тыххæй Уæрæсейы Президент **Владимир Путин** дзырдта съезды, ома, æууæнк у æппæты зынаргъдæр хæзна. Парти баззад Президенты партийæ, не 'хсæнады раззагдæр политикон тыхæй, уыцы ном ын хæссы уæлдай кад», – загъта Дмитрий Медведев.

Бæстæйы закъонæвæрæг оргæнтæм æвзæрстытæ цыдысты хæстон цауты заман, сæрмагонд æфсæддон операцийы рæстæг. Политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы Сæрдар куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй «иумæйаг Ныгуылæн» архайдта уæрæсейæгты зондахаст аивыныл, æппынæдзух æнæтæхæг авиацион системæты аппараттæ бæстæйыл калдтой рæмудзæн æрмæг, сарæхсты террористон акттæ, энергон фæрæзты бынæттыл ныббырстытæ цыдысты...

«Фæлæ нæ ныхмæлæуæджытæ алцæмæй дæр пайда кодтой, уыдтам уыдæттæ. Суанг хъæлæс кæныны фæстаг боны онг дæр уыцы цаутæ сæхи æвдыстой. Фæлæ уæддæр нæ граждæнтæ æрбаиу сты бæстæйы разамонæг æмæ партийы алыварс. Уыдон бæстæ хонынц, Президент цы фæндаг равзæрста, уыцы фæндагыл», – загъта партийы Сæрдар. Дмитрий Медведев куыд радзырдта, афтæмæй не 'хсæнад киеваг режимæн ратта аккаг дзуапп.

«Æвзæрстыты архайджыты нымæц уыд уæлиау, 62 милуан адæймаджы радтой сæ хъæлæстæ. Хъуыддæгтæ конд æрцыдысты, закъон куыддæриддæр амыдта, афтæ: æргомæй, уынаффæтæ æрмæстæдæр закъонмæ гæсгæ. Мах равдыстам, парти æнгом, нысанмæ цæуæг командæйы куыст кæй кæны, йæ рæнхъытæм исы ног уæнгтæ, уый. Президент нын куыд фæдзæхсы, афтæ партимæ исæм сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты. Уыдон хорзæрдæм сахадыдтой партийы архайдыл», – дарддæр дзырдта партийы Сæрдар.

«Иугонд Уæрæсе»-йы нысантæ раздæрау сты цæрджыты, бæстæйы фæрныгад, рæзт, политкон парти йæ фæндтæ ныхæстæй зæгъа æмæ сæ æнæ скондæй ныууадза, уымæн гæнæн нæй. Æрмæстдæр хицаудзинад æмæ финансон æхххуысы фæрцы конд цæуынц. Тагъд бавналдзысты ног Адæмон программæйы нормативон бындуртæ ивынмæ, уæд ног æвзæрст депутаттæ араздзысты фидæны азы бюджет.

«Бюджеты фарста арæх сæвзæрын кæны алыхуызон быцæу ныхас, фæлæ депутаттæ æмбарынц сæ комкоммæ хæстæ. Ома, бюджет хъуамæ йæ социалон ахадындзинад бахъахъхъæна», – фæбæрæг кодта Дмитрий Медведев.

Политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы Генералон советы секретарь **Владимир Якушев** рæгъмæ рахаста, партийы æппæт командæ дæр æвзæрстыты хъуыддагæй хорз кæй баххуыс кодта, уыцы уæвæр. «Алчидæр 100 проценты бæрц архайдта, иу командæ кæй стæм, уый банкъардтам. Бæстæ ахæм вазыгджын заман кæй æвзары, уый зонгæйæ, æмхуызонæй хъуыддаджы балæууыдыстæм. Бузныг уын уе 'ппæтæн дæр», – загъта Генералон советы секретарь.

Цæгат Ирыстоны дæр парти йæ бæрæггæнæн, раздæры æвзæрстытимæ абаргæйæ, фæхуыздæр кодта. Сæ хъæлæстæ партийæн раттой 280 мин адæймаджы. Паддзахадон Думæйы депутаттæ систы Таймазты Артур æмæ Мæхъиты Зураб.

**САНАТЫ Альбинæ**

Æвзæрстытæ

# Бæрæггæнæнтæ, хатдзæгтæ

**Цæгат Ирыстоны кæронмæ ахæццæ Уæрæсейы Федерацийы Федералон Æмбырды фарæстæм равзæрст Паддзахадон Думæмæ депутаттæ æвзарыны кампани. Хъæлæстæ нымад æрцыдысты, хатдзæгтæ сбæрæг сты. Цавæр сты уыцы хатдзæгтæ, стæй, куыд ацыд æвзарæн кампани, уый фæдыл ныхас кæны РЦИ-Аланийы Æвзарæн къамисы сæрдар МОРГУАТЫ Жаннæ:**



– Æвзæрстытæ кæронмæ ахæццæ сты, нымæцтæ сты бæрæг. Фæлæ уыцы куыст нывыл æмæ æмбæлгæ уагыл арæзт цæмæй æрцыдиад, ууыл цалдæр мæйы дæргъы стыр куыст бакодтой мингай адæймæгтæ. Æмæ мæ ныхас абон уыдонмæ у, æппæты фыццаг та – нæ республикæйы цæрджытæм. Арфæ уын кæнын, æвзæрстыты кæй бацархайдтат æмæ уæ граждайнаг бар бæрнонæй кæй сæххæст кодтат. Уæлдай арфæ кæнын нæ ветерантæн æмæ хистæр кары адæймæгтæн, фæсивæдæн, ацы æвзæрстытæ фыццаг кæмæн уыдысты сæ царды, уыцы æрыгæттæн, хъæлæс кæнынмæ æмбырд бинонтæй чи цыд, уыдонæн.

Хицæн арфæтæ – участокты æмæ территориалон æвзарæн къамистæн. Лыг кæнын уæ бахъуыд бирæ организацион фарстатæ, къæрцхъус уыдыстут алы лыстæг хъуыддагмæ дæр, уыимæ, æнкъардтат уæ бæрнондзинад. Æвзарджытæн-иу сæ размæ сымах рацыдыстут, семæ лæгæй-лæгмæ ныхас сымах кодтат, иудзырдæй, уыдыстут республикæйы æвзарæн системæйæн йæ цæсгом.

Æвзарæн кампанийы ахсджиаг бынат ахста информацион куыст. Проект «Информ УИК»-ы фæрцы уыд республикæйы цæрджытæн рагацау æвзæрстыты æмæ дзы архайыны тыххæй бæлвырд хабæрттæ радзурыны фадат. Æвзæрстыты историйы фыццаг хатт бюллетентæ мыхуыргонд æрцыдысты уырыссаг æмæ ирон æвзæгтыл. Ацы цау уыд уæлдай æхсызгон æмæ ахсджиаг. Йæ сæххæст кæнынмæ йæ бавæрæн чи бахаста, уыдонæн се 'ппæтæн дæр – стыр бузныг.

Æвзарæн кампанийы сæйраг æгъдау уыд æргом æмæ сыгъдæг æвзæрстытæ. Алы участокы дæр куыстой цæстдарджытæ, политикон партиты, æхсæнадон организацитæ æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ, стæй цæстдарджытæ авд фæсарæйнаг бæстæйæ. Уымæй уæлдай, куыста Æхсæнадон цæстдарды центр, уыд видеоцæстдард. Махæн ахсджиаг уыд æппæт процедурæтæ дæр æргом уагыл арвитын, æхсæнадон цæстдардæн уавæртæ саразын, хъæлæс кæныны бæрæггæнæнтыл æууæнк куыд уа, уыл бацархайын.

Уæлдай арфæтæ – дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæн æмæ блогертæ-цæстдарджытæн. Уыдон бабæрæг кодтой алы æвзарæн участок дæр, æмæ æнгом куысты фæрцы сарæзтой сæйраг хъуыддаг – республикæйы алы цæрæгæн дæр йæ бон уыд йæхи цæстæй фенын æвзарæн участокты куыст. Журналистты репортажтæ, æрмæджытæ æмæ видеоæрмæджытæ æргомæй равдыстой æвзарæн процесс, æвзарæн кампанийыл адæмы æууæндын кодтой.

Хицæнæй банымайын хъæуы барадхъахъхъæнæг оргæнты, Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады, медицинон кусджыты, энергетиктæ æмæ бастдзинады специалистты архайд, бынæттон хиуынаффæйады оргæнты минæвæртты – æвзарæн участокты æдас æмæ æнæкъуылымпы куыстыл дзуапп чидæриддæр лæвæрдта, уыдоны се 'ппæты дæр.

Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, арфæ кæнын бархионтæ æмæ социалон къабазы кусджытæн. Уыдон зæрдиаг æххуыс бакодтой, цæмæй карджын адæймæгтæ, инвалидтæ, сывæллонджын бинонтæ хъæлæс кæнынмæ æрбацæуой, æмæ сæ фарсмæ уыдысты. Уæлдайдæр – бархионтæ-медиктæ. Уыдысты 123 адæймаджы, се 'ппæтæн дæр бузныг, æнкъараг æмæ къæрцхъус уæвгæйæ, кæдфæнды дæр баххуыс кæнынмæ цæттæ кæй уыдысты, уый тыххæй.

Æвзæрстытæ ацыдысты бæрæгбоны хуызы. Æртæ боны дæргъы алы 'рдыгæй хъуысыд музыкæ, зарджытæ, уыд концерттæ. Цæмæй афтæ уа, уым зæрдиагæй бацархайдтой Культурæйы министрад, стæй Физикон культурæ æмæ спорты министрад.

Стыр арфæ кæнын нæ республикæйы Хицауадæн æмæ комкоммæ республикæйы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг **Гобеты Ибрагимæн**. Уый уыд æвзарæн къамистæн æххуыс кæныны кусæг къорды сæргъы, æмæ, æвзарæн кампани æнæлазæй кæй ацыд, уым ис йæ бавæрæн. Бузныг республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæн** – æвзæрстытæ бацæттæ кæнынæн æмæ сæ саразынæн стыр æххуыс кæй кодта, уый тыххæй.

Абон уыцы куыст кæронмæ ахæццæ. Æмæ æвзæрстытæ закъоны бындурыл арæзт æмæ растыл нымад кæй æрцыдысты, ууыл канд бæрæггæнæнтæ дзурæг не сты. Ууыл дзурæг сты – закъон æххæст кæныны хъуыддаг, процедурæты æргомдзинад, æхсæнадон цæстдард, æдасдзинад, къамисты пофессионалон куыст æмæ алы æвзарæгæн дæр йæ конституцион барæй спайда кæныны фадат.

Æвзарæн кампани нæ республикæйы чи цæттæ кодта, се 'ппæтæн дæр – бузныг.

Хъæугæ ныхас

# Ахуырады хъуыддаджы сконд

**Беслæны 9-æм скъолайы скодтой скъолатæ æмæ ахуырадон организациты разамонджыты уæрæхгонд æмбырд.**



Ахуырад æмæ наукæйы министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Алыбегты Эллæ** куыд радзырдта, афтæмæй разы у разамонджыты куыстæй, ахуыры азыл цæттæйæ кæй сæмбæлдысты, уымæй. «Хъуамæ ацы ахаст бахъахъхъæнæм, ахуырады хъуыддаг куыд арæзт у, уымæ лæмбынæг цæст дарын хъæуы», – загъта регионалон ведомствæйы разамонæг.

Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй сæйрагдæр хæс у уроктæм цæст дарын, директор хъуамæ уына, ахуырад куыд æххæст кæнынц ахуыргæнджытæ, уый. «Урокы рæстæгæй куыд пайда кæны ахуыргæнæг, цас ахадгæ, цавæр зындзинæдтимæ æмбæлынц ахуыргæнджытæ æмæ скъоладзауты уыдæттæ зонын хъæуы», – бафæдзæхста Алыбегты Эллæ.

Æргом аздæхтой, урокты рæстæгæй алыхуызон хъуыддæгтæн куыд нæ пайда кæной, уымæ дæр. Урок хæлд нæ цæуы конкурсты, æмбырдты, акциты, репетициты, æндæр ахæм нысантыл. Алцæмæн дæр лæвæрд уыдзæн хицæн рæстæг æмæ дзы пайда кæнын хъæуы.

Урокты æдде цы куыст цæуы, фæсурокты къордты архайды, профилон къласты рæзты, уæлæмхасæн ахуырады, профессионалон здæхты фарстатæ дæр лæмбынæг равзæрстой. Федералон закъонæвæрынады æмæ æххæстгæнæн фæткы домæнтæм дæр æргом аздæхтой. Кæмæ цы хæстæ хауы, уыдонмæ хъуамæ уой къæрцхъус, æмгъуыдтæ нымад цæуой, скъолаты разамонджытæ æппæт хъуыддæгтæн хъуамæ уой бæрнон.

Æмбырды кæрон разамонджытæн радттой комкоммæ хæстæ. Алыбегты Эллæ куыд загъта, афтæмæй скъола хъуамæ баззайа, хæрзхъæд зонындзинæдтæ кæм дæттынц, ахæм бынатæй. Уыцы хъуыддæгтæн комкоммæ дзуапп дæтты скъолайы разамонæг.

**Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ**

Рохæн æвгъау

# Гафезы номарæн фæйнæг

**Цхинвалы, Таболты Солтанбеджы уынджы 115-æм хæдзары къулыл, 11 сентябры кадджын уавæры зындгонд адæмон поэт, фыссæг, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг – Гаглойты Захары фырт (Гафез) Федыры номарæн фæйнæг æвæрд æрцыд. Уыцы бон уыд Гафезы райгуырæн бон, йæ сыгъдæг ном ссарын кæй бантысти Цæгат æмæ Хуссары адæмы бирæ минæвæрттæн, уый банымайæн ис иттæг хорз хъуыддагыл.**




Цыма æрдз дæр цин кодта махимæ, ахæм райдзаст æмæ хурбон скодта къæвдаты фæстæ. Гаглойты Федыр райгуырд Бакуйы, фондз азы йыл куы сæххæст, уæд бинонтæ раздæхтысты цæрынмæ Хуссар Ирыстонмæ. Федыр раздæр каст фæци педагогон техникум, йæ хæдфæстæ – институт. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты размæ куыста скъолайы, газет «Коммунист»-ы редакцийы.

Хæсты архайдта Хъырымаг фронты, хорзæхджын æрцыд Сырх Стъалыйы орденæй, майдантæй. Уæззау цæфы фæстæ сыздæхт Ирыстонмæ. Ногæй та куыста газет «Коммунист»-ы, журнал «Фидиуæг»-ы редакторæй. Гафез йæ амæлæты бонмæ архайдта æхсæнадон царды, бæрнон нымæдар уыд Хуссар Ирыстоны Фысджыты цæдисæн.

Гафез канд зындгонд поэт нæ уыд, фæлæ фæлтæрдджын романист дæр. Мыхуыры йын рацыд 20 чиныджы бæрц. Адæм къухæй-къухмæ кæй истой, хуыздæр лæварæн кæй агуырдтой, уыцы роман – «Уæ бонтæ хорз, адæм» рухс федта 1966 азы æмæ йæ абон дæр æхсызгонæй кæсынц. Уæдæ æмдзæвгæты æмбырдгæндтæ: «Фарн», «Поэмæтæ», «Цардбæллон», «Фыды артдзæст» æмæ иннæтæ дæр уыдысты æмæ абон дæр сты чиныгкæсджытæн уарзон æмæ цымыдисаг.

Йæ фæстаг бонтæм Гафез йæ куыст нæ ныууагъта, кæд æмæ йæм уæззау низ фæзынд, уæддæр йæ хъуыдыты уыд йæ литературон куыст, йæ зæрдæ та йæ фæстаг уысмæ уыд йæ уарзон адæмимæ. Æцæг адæмон поэт Гаглойты Федыр йæ цардæй ахицæн 1983 азы.

Номдзыд поэт, фыссæджы барельефыл бакуыста Хуссар Ирыстоны сгуыхт скульптор Плиты Владимир – йæ арæхстджын къухты фæрцы конд æрцыдысты бирæ цыртдзæвæнтæ канд Ирыстоны нæ, фæлæ ма фæсарæнты дæр, уыдонимæ – Гаглойты Рутены бюст дæр. Æппæт хъуыддæгтæ конд æрцыдысты Гаглойты мыггаджы фæрцы.

Æнæмæнг ма зæгъын æмбæлы уый дæр, æмæ æхца Гафезы барельефæн æрæмбырд кодта Гаглойты мыггаг. Хæрзмæ ныл аудæд Гафезы сыгъдæг уд! Зæгъын ма бузныг Къæбулты Нодар æмæ Робертæн – барельеф бронзæйæ чи рауагъта, уыцы æфсымæртæн, Цхинвалы администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг Лолаты Жаннæйæн. Цыдæриддæр гæххæттытæ хъуыдис, уыдон цыбыр рæстæгмæ бацæттæ кодта, рарвыста кусджытæ æд техникæ æмæ æнæкъуылымпыйæ номарæн фæйнæг ныффидар кодтой хæдзары къулыл.

Хуссар Ирыстоны культурæйы министр Мамиты Григори æмæ йæ хæдивæг Остъаты Мæдинæ, культурæйы кусæг Харебаты Вадим – цыдæриддæр аппаратурæ хъуыди, уыдон афоныл барæвдз кодтой æмæ æмбырды архайджытæ ницæмæй фæтыхстысты. Мæ бон æппæты ранымайын нæ бауыдзæн, фæлæ сæ ахадгæ архайды фæрцы Гафезы хæдзары къулыл фæзынд номарæн фæйнæг.

Хуссар Ирыстоны телеуынынад, Фысджыты цæдисы сæрдар Хъазиты Мелитон, Хуссар Иры «Аланты Ныхас»-ы сæрдар Тыбылты Леонид, журнал «Фидиуæг»-ы сæйраг редактор Годжыцаты Неля, журналист Тъехты Тамерлан, фыссæг Гæбæраты Юри, митингы амонæг – Тъехты Ингæ се 'ххуысы хай бахастой. Гафезы тыххæй йæ мысинæгтæ загъта Хъазиты Мелитон, раныхас кодтой Годжыцаты Неля, Плиты Владимир, Гаглойты Роберт, Гаглойты Лианæ, Мæргъиты Инал, Гæбæраты Юри.

Гафезы бинонты минæвæрттæ – йæ фырт Вилены дыууæ чызджы – Зæлина æмæ Дзерассæ дæр сæ фыдыфыды ном бахъахъхъæныныл архайынц. Кæронбæттæн ныхасы Гаглойты Анатоли раарфæ кодта, йæ хæсыл чи банымадта æмæ ацы хъæугæ хъуыддаджы чи бацархайдта, уыдонæн се 'ппæтæн дæр. Митинджы фæстæ бабæрæг кодтам Гафезы ингæн, сæвæрдтам ыл дидинджытæ.



Фæнды ма мæ зæгъын иу хъуыды – Ирыстоны алы мыггаджы дæр уыдис æмæ ис, ирон адæмæн кад æмæ намыс чи æрхаста æмæ хæссы, ахæмтæ. Фæлæ сæ нæмттæ рохуаты аззадысты. Иунæг ахæм ном дæр рохуаты ныууадзæн нæй... Ахъуыды кæнæм.

**ГАГЛОЙТЫ Анатоли,**
**Дзæуджыхъæуы цæрæг**

*Скæнæм нæ тырыса дзыллæйы номæй, —*
*Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй!..*

# НÆ ИРЫ ФÆСИВÆД

ГАЗЕТ ГАЗЕТЫ

ФАРС ЦÆУЫН РАЙДЫДТА 1994 АЗЫ 31 МАРТЪИЙЫ

2026 АЗЫ 26 СЕНТЯБРЬ — РУХÆНЫ МÆЙЫ 26 БОН, САБАТ №23 (107)

**Аивад**

## Зарæджы базыртыл

**Ирыстоны бирæ курдиатджын фæсивæд ис, æмæ сын се сфæлдыстадон царды тыххæй мах фæфыссæм нæ газеты сæрмагонд «Фæсивæдон фарс»-ыл. Уыдонæй иу у дæсаздзыд лæппу САБЕТЫ Георги дæр.**

Йæ асмæ йын ма кæсут, ныридæгæн æй йæ курдиаты фæрцы базыдтой канд нæ республикæйы нæ, фæлæ иннæ регионты дæр. Йæ риуыл та цæхæртæ калы, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло йын цы æвзист фыранк балæвар кодта, уый. Ахæм хæрзиуæг бирæтæм нæй æмæ йæ Георги дæр уæлдай буцæй дары йæ риуыл.

Æвзонг артист ахуыр кæны Дзæуджыхъæуы 16 гимназы. Йæ ныййарджытæ **Сабеты Сухраб** æмæ **Къусраты Дианæ** йын бауарзын кодтой мадæлон æвзаг, ирон адæмы традицитæ æмæ культурæ. Уый æнæмæнг бæрæг у йæ зондахаст, хидарынадæй. Уый у, сывæллон бинонты ’хсæн раст хъомылад кæй исы, уый нысаниуæг.

Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы скодтой Муниципалон конкурс «Удæгас классикæ». Йæ нысан уыд, ирон адæмы уарзон поэт Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæтæ зæрдылдаргæйæ аив бакæсын. Конкурсы ædæппæтæй архайдтой 464 ахуырдзауы. Уыдонæй кæронбæттæны къæпхæнмæ рацыдысты 73 ахуырдзауы нæ горæты 32 скъолайæ. Жюрийы уæнгтæ: фæлтæрдджын ахуыргæнджытæ, методисттæ, культурæйы æмæ аивады кусджытæ стыр аргъ скодтой сывæллæтты дæсныйадæн. Сабеты Георгийæн та саккаг кодтой фыццаг бынат.



Йæ сабибонтæй фæстæмæ уарзы зарын æмæ кафын. Æрдзæй цы сыгъдæг зæлланггæнаг хъæлæс рахаста, уый адæмы зæрдæтæм æнæмæнг ссары фæндаг. Ныридæгæн Георги архайы хæрзаудæн концертты. Йæ рæсугъд аивадæй бахъæлдзæг кæны æнæфæкæсæг хистæр кары адæм цы хæдзары цæрынц, уый цæрджыты æмæ сидзæр сывæллæтты зæрдæтæ. Георгийы зарын куы фехъусынц, уæд сыл цыма хур ракæсы, афтæ сæ зæрдæтæ барухс вæййынц, сæ цинæн кæрон нал вæййы.

Ныр дыууæ азы дæргъы Георги архайы алыхуызон музыкалон конкурстæ æмæ фестивальты, æмæ алы ран дæр свæййы уæлахиздзау. Жюрийы уæнгтæ йæ иузæрдионæй схорзæхджын кæнынц фыццаг бынæттæй. Зарæггæнæджы дæсныйады сусæгдзинæдтæ та йын зæрдиагæй æмæ æнæвгъауæй амоны, РЦИ-Аланийы адæмон артисткæ, Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармони æмæ камерон хор «Алания»-йы солисткæ **Гæбуты Светланæ.**

Æрвылаз Дзæуджыхъæуы ацæуы, алы регионты курдиатджын фæсивæды иумæ чи бæтты, ахæм фестиваль-конкурс «Golden Star». Уыцы фестивалы дæр 2025 азы Георги ссис уæлахиздзау. Архайдта дзы куыд Сывæллæтты сфæлдыстадон хæдзар «Вдохновение»-йы минæвар, йæ аивадон разамонæг дæсны педагог Гæбуты Светланæ.

Уый уыд Георгийы фыццаг архайд ахæм стыр конкурсы æмæ дзы йæ къухы хуымæтæджы бæркад нæ бафтыд. Георги жюри æмæ аивадуарзджыты размæ рахаста цыппар конкурсон номыры. Цы зарджытæ равзæрста, уыдон æвдисынц музыкалон сфæлдыстады алы къабæзтæ: «Катюша», Прекрасное далеко», Маленький джигит» æмæ «РЦИ-Аланийы гимн». Ахæм бирæвæрсыг репертуар ахъаз у артисты курдиаты æппæт гæнæнтæ дæр раргом кæнынæн, алы кары аивадуарзджыты зæрдæтæ барухс кæнынæн.

Ацы конкурсы Георги хорзæхджын æрцыд фыццæгæм къæпхæны лауреаты номæй. Уый æвдисы, артисты хæдхуыз курдиат. Уыцы архайд æй разæнгард кæны ног сфæлдыстадон æнтыстытæм, æмæ йын йæ размæ нырма бирæ дуæрттæ байгом кæндзæн.

Уымæй уæлдай ма Георги архайдта дунеон конкурс «Сияние Кавказа», Аивæдты адæмон фестиваль «Кубок Кавказа», фестиваль «Жемчужина Черноморья» æмæ бирæ æндæр конкурстæ æмæ фестивальты.

Георги сæрыстыр вæййы, канд нæ республикæйы нæ, фæлæ æппæт Цæгат Кавказы дæр зындгонд цы зарæггæнджытæ сты, уыдонимæ иу сценæмæ кæй рацæуы, уымæй. Уыдоны ’хсæн сты: Езеты Игорь, Илурты Риммæ, Хадыхъаты Аллæ, Султан Хажироков, Цæрикъаты Фатимæ, Цæрикъаты Феликс æмæ æндæртæ.

Йæ репертуары сты зындгонд зарæггæнджыты зарджытæ, ис æм, йæхицæн ын сæрмагондæй кæй ныффыстой, ахæмтæ дæр: «Арфæ», «Киндзæхсæвæр» æмæ иннæтæ.

Диссаг у уый, æмæ алы конкурсы дæр Георги хорзæхджын æрцæуы фæндзгай-æхсæзгай майдантæ, кубоктæ æмæ дипломтæй алыхуызон номинациты. Ахæм æнтыстдзинæдтæ зындгонд артисттæй дæр бирæты къухы нæ бафты.

Георги æрмæст зарæггæнæг нæу. Зарынæй уæлдай ма уарзы кафын æмæ æмдзæвгæтæ фыссын дæр. Дзырд дæттæм, дарддæр дæр уæ Георгийы сфæлдыстадимæ кæй зонгæ кæндзыстæм.

**Поэзи**

**БÆРОЙТЫ Миланæ**

### Раст хъуыды

***Бон фæвæййы, хур æмбæхсы,***
***Иугай стъалытæ кæсынц.***
***Дуне – сабыр... Зардæ судзы.***
***Æз мæ сагъæстæ фыссын.***

***Сыф фæразы, сабыр хъусы,***
***Тугæйдзаг æнцад хуыссы.***
***Дзуапп нæ дætты, алцы ’мбары.***
***Иу цæстæй мæнмæ кæсы.***

***Æз фыссын, æнцой нæ зонын,***
***Уд сындæг фæсау кæны.***
***О, Хуыцау! – зæгъгæ фæкæнын –***
***Кæм æмбахсы раст хъуыды?***

***Чи йæ ’мбæхсы? Чи мæ сайы?***
***Рæстдзинадæн цы кæнон?***
***Куы йæ ссарон, уæд мæ удæн***
***’Вдадзы хос кæм агурон?***

*ЦИПУ-йы ирон филологийы*
*факультеты рауагъдон*

***

**Нæй мын æнæ дæу циндзинад бавзарæн.**
**Хур мæ æмбæхсы, куы нæ дæ уынон.**
**Стъалытæ сау арвæй мингæйттæй**
**фесæфынц.**
**Баталынг вæййы мæ зæрдæйыл бон.**

**Цас дæ нæ фенын?**
**Раст мын æй чи зæгъдзæн?**
**Иу сахат демæ – цæсты фæныкъуылд...**
**’Хсæв мыл ныддаргъ вæййы, дæу куы**
**нæ фенын,**
**Нал мæм фæкæсы уæд мæй дæр рæсугъд.**

### Уæздан дидинæг

***Къæвда æртæхтæ зæххыл ныккалдта,***
***Ницæуыл ауæрды. Чидæр ын загъта:***
***«Бахъахъхъæн уардийы, уарзты сырх***
***дидинæг».***
***Уардийы зæрдæ фыр рыстæй фæцъæх ис.***
***«Къæвдайæн зæгъ, мауал дæ хойа!»-***
***Дзурынц æм дуртæ, дзуры йæм стъалы.***
***Уарди уæзданæй, тыххæй йæ сæр***
***сдардта,***
***Зыр-зыр кæнгæйæ йæ тыхст ныхас***
***загъта:***
***«Уадз, æмæ уарæд! Адæм дæс боны***
***Доныл тыхстысты, сæ райсомы боныл!***
***Быдыртæ бафсæдæнт къæвдайы донæй.***
***Ма фесæфой мæгуыры фæллæйттæ!’’***
***Æркъул ис йæ сæр. Цæссыг æруагъта.***
***Мидбылты бахудт, стæй йæ уд суагъта.***

### Фæззæг

**Мæ уарзон фæззæг Ирыстонмæ æрбахъуызыд,**
**Сыфтæртæ иугай буртæй кæсынц.**
**Сулæфыд зæхх, хур æй кæй нал судзы,**
**Суагъта йæ фæллад цъæх-цъæхид кæрдæг.**

**Хæхтыл сындæг мит хъæццул æрæмбæрзта,**
**Дунейыл азилы æфсæрмхуыз дымгæ.**
**Цъиутæ фæстаг салам æрвитынц, адæмæн**
**Æнкъардæй та зарынц: «Нæ ног фембæлдмæ!»**



**Фарс бацæттæ кодта**
**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**



**Æцæг хабар**

## Мæ хъайтар

**Æрдхæрæны фыдызæххы сæрвæлтау ирон фæсивæд сæ удтæ никуы бавгъау кодтой. Сæрмагонд æфсæддон операцийы дæр æнæзивæгæй атындзыдтой знаджы ныхмæ тохмæ. Уыдон сæхиуыл æнауæрдгæйæ, се ’фсæддон хæс æххæст кæнынц, æвдисынц æнахуыр сгуыхтдзинæдтæ. Бирæтæ дзы хорзæхгонд æрцыдысты карз тохы рæстæджы сæ æхсардзинад æмæ бæрзонд æфсæддон дæсныдзинад равдисыны тыххæй. Мах сæ тынг сæрыстыр стæм!**

Абон мæ радзурын фæнды хуымæтæг ирон æфсæддонтæ, сæрмагонд операцийы архайджытæ Вадим, Артур æмæ Зауры тыххæй. Уыдон æнæхъæн бæстæйæн равдыстой хæлардзинады, адæмуарзондзинады стыр дæнцæг.

Хабар та рауад афтæ. Цы горæты æххæст кæнынц сæ сæрмагонд хæс, уым ма ис æдæппæт æртæ хæдзары. Уыдон æнæхай сты царды сæйрагдæр коммуникацитæй. Иу бон фæндагыл сæ размæ фæцис ацæргæ сылгоймаг, уый бадтис йæ зæронд хæлддзаг хæдзары дуармæ æнкъардхуызæй. Йæ цæсгомыл бæрæг уыд цæуылдæр кæй тыхст, уый. Лæппутæ йæм бацыдысты æмæ йæ хионхуызæй бафарстой, цæмæй дæм фæкæсæм, зæгъгæ. Сылгоймаг сын радзырдта донхъуаг кæй æййафы, уый. Лæппутæ нæ фæзивæг кодтой æмæ цыбыр рæстæгмæ фæстæмæ фездæхтысты, семæ æрбахастой дон æмæ хæринаг. Кæд сæхæдæг зын уавæры сты, уæддæр рæстæг ссардтой тыхст уавæры адæймагæн бахъуыс кæнынмæ. Уымæй уæлдай ма куы федтой, хæдзар нæлгоймаджы къуххъуаг æййафы, уый, уæд сæ рæстæг цас амыдта, уыйас фæкастысты сылгоймагмæ, чи кæрт æфснайынмæ, чи суг сæттынмæ, чи – цалцæг кæнынмæ. Зæронд ус сæ тынг разыйæ баззад. Уæдæй фæстæмæ лæппутæ æххуыс кæнын райдыдтой «Бабу»-йæн. (Афтæ йæ хонынц Вадим æмæ йе ’мбæлттæ).

Ацы цау кæд хуымæтæг хабар у, æрвылбон царды æмбæлгæ чи кæны, ахæм у, уæддæр хъыгагæн, арæх нал æмбæлæм ахæм дæнцæгтыл. Ис дзы стыр æмбарынад, хæлардзинад, хъарм ахастытæ. Лæппутæ цыма æцæгдæр сæхи бабумæ бауайынц, афтæ та йæ хъæлдзæгæй абæрæг кæнынц. Кæрты дуарæй мидæмæ бахизгæйæ фæлмæнæй бадзурынц «Нæхи бабу», зæгъгæ. Уый дæр сæм, уалдзыгон хурау, мидбылхудгæ ракæсы, йæ фæллад къухтæ сæ алкæйы сæрыл дæр хъавгæ æрхæссы. Йæ азты фæллад æрбайсæфы æмæ лæппуты цур фынг авæры. Нал фефсæдынц кæрæдзийæн хабæрттæ дзурынæй...

Кæд се ’хсæн бирæ азтæ ис, алыхуызон æмбарынад цардмæ, политикæмæ, уæддæр кæрæдзийы бамбæрстой хорз æмгæрттау, хиуæттау. Цин кæнынц кæрæдзийы циныл, хъыг кæнынц кæрæдзийы хъыгыл. Вадим æмæ йе ’мбæлттæ зымæгмæ æрластой суг, бафснайдтой кæрт, бацалцæг кодтой бабуйы зæронд агъуыст æмæ дзы æрцард рагæй дзы чи нал уыд, уыцы амонд. Лæппутæ æрæгмæ куы фæцæуынц бабумæ, уæд сæм уый йæхæдæг ацæуы агурæг. Йемæ сын ахæссы хъарм къæбæр.

Сæ удты хъармдзинад батавта бирæ салд зæрдæтæ! Разынди ма ноджыдæр бирæ хорз адæм, кæцытæ бакодтой бабуйæн зæрдийаг æххуыс, чи - хæдзары дзаумайæ, чи - уæлæдарæсæй, чи - æндæр фæрæзтæй.

Кæд рæстæг уæззау æмæ фыдæзнæт у, уæддæр лæппутæ равдыстой æцæг ирон лæгдзинады дæнцæг. Бирæ æндæр адæмыхæттытæ сын федтой сæ фæзминаг миниуджытæ. Нæ хъайтартæ цы тауинæгтæ байтыдтой адæмы зæрдæты, уыдон талатæ суадздзысты æмæ суыдзысты æрдхæрæны стыр бæлæстæ! Сæ лæгдзинад ма бирæ фæлтæрты зæрдæты фыст уыдзæни сызгъæрин дамгъæтæй.

Мах та, кæстæр фæлтæр, нæ сæртæ бæрзонд хæсдзыстæм ахæм хъæбатыр, адæмуарзон æфсымæртæ нын кæй ис, уымæй! Сæ фæзминаг кады тырыса сын дарддæр хæсдзыстæм уæнгрогæй!

Нæ зæрдæ сын зæгъы, тагъд Уæлахизимæ сæ хæдзæрттыл дзæбæхæй куыд сæмбæлой, уый!

(Ацы æрмæг фенæн ис инстаграмы тыгъдады « Скиф на СВО» зæгъгæ ахæм сæргондимæ)

**БИГАНАТЫ Аслан,**
**Беслæны 7 скъолайы**
**11 «А» къласы**
**ахуыргæнинаг**

**Тæлмац**

## Уазæг

*Новеллæ / М. Лакербай*

Зæронд Ханашв Цугба кæрты, тæрс бæласы бын, бадт æмæ йæ иунæг фырт Темырæн сæракæй хуыдта æрчъитæ.

Куыдз æвиппайды тынг срæйдта. Зæронд лæг йæ сæр систа æмæ ауыдта æрыгон æцæгæлон лæппуйы. Уый кæрты дуармæ дæр нæ бахæццæ ис, афтæ сисы сæрты æрбагæпп кодта: бæрæг уыд, тынг кæй тагъд кодта, уый. Тарстхуызæй бауад фысыммæ æмæ цъæррæмыхстытæй абхазагау куырдта, цæмæй йæ уый бамбæхса. Йæ ныхасы хъæдæй бæрæг уыд, черкесаг кæй уыд, уый.

– Фервæзын мæ кæн, мæ фæдыл фæдисонтæ ралæбурдтой, куы мæ рцахсой, уæд мæ амардзысты!

– Мидæмæ рахиз! – загъта Ханашв æмæ уазæг пæцхæмæ бакодта. Къулыл асин сæвæрдта æмæ цармæ бацамыдта:

- Рæвдздæр цармæ схиз, уым къуымы къуымбилты бын бамбæхс. Мæ хæдзары дæ ничи бафхæрдзæн, æдас у!

– Дæ зæронды бонтæ дыл сабыр æмæ хъæлдзæгæй цæуæнт!, – æфсæрмхуызæй загъта уазæг, æмæ цармæ цæрдæггомау сгæпп кодта. Фысым кæртмæ ракастис, фæйнæрдæм акæстытæ кодта æмæ дзы ничи ис, уый куы бамбæрста, уæд пæцхæйы размæ æрбаздæхт. Бындæр æрлæугæйæ, загъта:

– Ма тæрс, лæппу! Никуы ничи зыны. Æвæццæгæн, дæ ничи федта ардæм цæугæ. Фæлæ ма зæгъ, чи сты дæ фæдисонтæ, цæмæ дæ сурынц?

– Лæг амардтон. Йæ хæлæрттæ мæ агурынц.

– Цæй тыххæй йæ амардтай?

– Бафхæрдта мæ.

– Кæй амардтай? Йæ ном куыд у?

– Нæ зонын. Æз уæ хъæуы фыццаг хатт дæн...

Ацы хатт куыдз тынгдæр срæйдта, æмæ сæ дыууæ дæр фæтарстысты.

– Сабыр! Æз акæсон, – сабыргай сдзырдта зæронд лæг æмæ ахызт кæртмæ.

Дардæй къуыбыры фæстейæ разынд цалдæр адæймаджы, сæ фæстæ стыр къорд æрцæуы. Зæронд лæг йæ цæстытæ хурæй бааууон кодта йæ армытъæпæнæй æмæ дардмæ фæлгæсы. Ныр йæ размæ цы адæм цыдысты, уыдон дзæвгар хуыздæр разындысты. Уыдон цыдысты сабыргай, уæззау къахдзæфтæй.

«Цымæ мæ уазæджы фæстæ цæуынц ацы адæм ?» – ахъуыды кодта фысым æмæ йæхи сцæттæ кодта уазæджы хъахъхъæнынмæ.

Фæлæ цалдæр адæймаджы, иннæты разæй дуар байгом кодтой æмæ кæртмæ æрбахызтысты. Сæ фæстæ ноджы стыр къорд ....

Уæд Ханашв федта, адæмы къухты нымæты тыхтон, алырдыгæй йыл хæцыдысты лæпутæ. Йæ фырты нымæт базонгæйæ, йæ цæстытæ атартæ сты. Цымæ йын йæ зæрдæйы хъама нытътъыстæуыд, уыйау фæци.

Адæмы æхсæнæй рацыд Ханашвы хорз æмгар æмæ хион Ашвыю Абидж, æмæ загъта:

– Фидар фæлæу, Ханашв! Судзгæ уæззау бон дыл скодта, æрцыд стыр фыдбылыз, цыдæр æцæгæлон дын дæ иунæг фырт Темыры амардта! Фæлæ æнусон ницы ис ацы дунейы, рæстæг алкæцы рыст дæр фенцондæр кæны. Дæхæдæг æй куы фæзæгъыс, цас фидардæр лæууа адæймаг, уыйас къаддæр у йæ рыст, уæлдайдæр ахæм хабары...

Зæронд лæгæн йæ къæхтæ йæ быны фæтасыдысты, фæлæ фидар лæууыд тулдз бæласау. Адæмы ныфсæй йæхиуыл хæцыд.

Сылгоймæгты хъарæгæй байдзаг кæрт...

Дыууæ боны йæ фырты цæргæс буар тъахтиныл лæууыдис пæцхæйы. Æмæ дыууæ боны дæр фысым алыхуызон æфсæнттæй цармæ хызт черкесаг уазæгæн хæрд æмæ нозт раттыны тыххæй.

Æртыккаг бон, мард куы бафснайдтой, уæд Темыры хæлæрттæ Ханашвимæ фæстæмæ æрбаздæхтысты хæдзармæ. Æнафонтæм фæбадтысты йемæ.

– Мах æмбарæм, – загъта лæппутæй иу, Темыры æмбæлттæй æппæты хæстæгдæр æм чи уыд, уый, – фыртæн баивæн кæй нæй, Ханашв, фæлæ нæ тынг фæнды дæ рыстæй иу гыццыл хай нæхимæ райсын, æдзухдæр дæ фарсмæ уыдзыстæм. Не ’ххуысы сæр дæ кæм бахъæуа, уым нæ макуы бафсæрмы кæн!

– Ард дын хæрæм, дæттæм дын лæджы ныхас, – бафтыдта иннæ лæппу, – дызæрдыг ма кæн, нæ фыды хай, мах райсдзыстæм Темыры туг! Дард нæ ацыдаид йæ марæг, хæстæг кæмдæр æрбайсæфт, хъæугæрон, чи зоны, исчи йæ æмбæхсы. Фæлæ йæ ссардзыстæм æмæ амардзыстæм. Тагъд, тынг тагъд æй фехъусдзынæ уыцы хабар. Чи зоны, уæд дын гыццыл фенцондæр уа.

Уыцы ныхæстæ азæлыдысты зæронд лæджы мæгуыр хæдзары æххæстæй æмæ ныфсджынæй. Уæд Темыры хæлæрттæ ацыдысты. Фæллад æмæ зианджын Ханашв йæ алфамбылай акастис, иу адæймаг дæр дзы куы нал бафиппайдта, уæд фæндаггаг сæвæрдта хызыны, асин банцой кодта къулмæ æмæ сдзырдта черкесагмæ:

– Æрхиз, мæ уазæг, æрхиз! Ам ничиуал ис. Иууылдæр ацыдысты.

Черкесаг куы ’рхызтис, уæд æм зæронд лæг зыр-зыргæнгæ балæвæрдта хызын.

– Айс, – загъта уый. – Уый дын дыууæ боны хæрд. Атагъд кæн уæхимæ, лæппу! Хъæдмæ хæстæгдæр фæндагыл ацу адагыл. Æхсæв талынг у, ничи дæ фендзæн.

Уазæг зæронд лæджы цур æрзоныгуыл кодта æмæ йын йæ цъухъхъайы кæрæттыл йæ былтæ авæрдта. Уый фæстæ сыстад æмæ иу ныхас дæр йæ дзыхæй нал схауд, сæргуыбырæй пæцхæйæ рацыд.

Пæцхæ — рагон абхазаг, хъæддærмæгæй арæзт хæдзар

**БЕЖАТЫ Зæринæ,**
**Беслæны 7 скъолайы**
**7 къласы ахуырдзау**

**Музейы залты**

# Зындгонд скульпторы равдыст

**Реабилитацийы республикон центры лæггæдтæ исæг инвалидтæ бабæрæг кодтой Тугъанты Махарбеджы музейы скульптор цымыдисæй базонгæ сты экспозициимæ, равдысты куыстытæм зæрдиагæй бакастысты æмæ стыр æхсызгондзинад сæ балдæр, адæймаджы миддунейы æнкъарæнтæ уæрæхдæр кæнынц, циндзинады уæлтæмæныл æй æфтауынц.**



**Соскъиты Владимиры куыстыты равдыст.**

**Мадзалы архайдтой уæлдæр амынд центры директор Цæллагты Жаннæ æмæ РЦИ-Аланийы Фæллой æмæ социалон рæзты министрады хайады хицау Дзгойты Зæлинæ. Уазджытæ цæй райстой. Тынг хорз сæ суазæг кодта музейы директор Тебиаты Галинæ. Ахæм культурон мадзæлттæн стыр ахадындзинад ис реабилитацион процессы. Канд эстетикон æхсызгондзинад нæ хæссынц, фæлæ ма сты социалон адаптацийы хай. Равдыст бабæрæг кæныны мадзал уазджытæн сси ноджыдæр ма иу санчъех реабилитацийы фæрцы æхсæнадон царды æнгомдæр архайынæн.**

*САУТÆТЫ Тамилæ*

**Барад**

# Цæстфæлдахæг æфхæрд баййæфта

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Дыгуры районы прокуратурæ тæрхондоны рахæцыд бынæттон цæрæг 23-аздзыд сылгоймаджы тыххæй уголовон хъуыддаджы паддзахадон ахходаджы фарс. Уый аххосджын цæуы УФ-йы УК-ы 159-æм статьяйы 3 хаймæ гæсгæ фыдракæнд саразыны тыххæй (цæстфæлдахæн хъуыддаг, ома, кæйдæр исбонады егъау бæрц къорды рагацау баныхасгæнгæйæ, сайдæй адавын).**

**Бæрæггонд æрцыд, зæгъгæ, ахсты уæвæг сылгоймаг слесты рагагъоммæйы рæстæг, бæрæггонд цы адæймаг не 'рцыд, уыимæ рагацау баныхасгæнгæйæ, цæсфæлдахæн мийы фæрцы Беслæны цæрæг сылгоймаджы 'хцайы фæрæзтæ 900 мин сомы йæхи бакодта.**



**Слесты рæстæг сайд бавзарæгæн йæ исбоны иу хай фæстæмæ здæхт æрцыд.**

**Паддзахадон аххосгæнæджы позици нымайгæйæ, тæрхондон аххосджынæн снысан кодта æфхæрд иу аз æвæндон куыстытæ кæнын, йæ мызды 10 проценты йын паддзахадон æфтиагмæ уромгæйæ.**

*РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ*

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ: 5. Стыр хъул. 7. Æртæ мушкетерæй иу. 10. Æхст. 12. Æххуыс. 13. Фыцгæ агмæ кæсæг. 15. Дзыхъгонд аг æвæрынæн. 16. Сатæг дымгæ. 17. «Барст дын уæд ацы хатт, ацы...» (Къоста). 21. Фыд. 23. Дыргъ. 25. Хъомыс. 26. Хъулы фæрстæй иу. 27. Резинæйы хомаг. 29. Хуыссæн хъæмпыл, хосыл. 31. Æнтыд, змæст. 33. Хæдзары дзаума. 35. Хъуыддаджы гæххæттыл вæййы мыхуыр, стæй... . 38. Ногбоны гуыл. 40. Æлдары ус. 41. Бæхы мыггаг кадджыты, таурæгъты. 43. Къæбицы дзаума. 44. Нарты кадджыты архайæг.**

**БЫНЫРДÆМ: 1. Богъ. 2. Цупалы ма дзурынц афтæ. 3. Сечъынаты Ладемыры роман «Батъарайы комы» архайæг. 4. Згъæр. 6. Æнарæхст, æнæвзыгъд. 8. Æхцайы бæрц. 9. Уазал. 11. Дыргъ. 14. Хуызæн. 17. Мæнгхæдзар. 18. Зиллаччы дыууæ раны иугæнæг ххх. 19. Ансамбль аст адæймагæн. 20. Стыр кæсаг. 22. Хæдзары дзаума. 24. Шахмæтон термин. 28. Хинайæн. 30. Хорнайгæнæнтæ фæрсæйфæрстæм. 32. Нард, ставд. 34. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 35. Рагон хæцæнгарз, цыргъаг, ныр та спортивон дзаума. 36. Бæласы цъарæй бæттæн. 37. Стъæлф. 39. Хæстон балц. 42. Гæдиаты Цомахъы æмдзæвгæ.**

## Дзуаппытæ 19 сентябры мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ: 5. Хъаллæ. 7. Алакъи. 8. Къæмбыр. 9. Ареопаг. 10. Фадыг. 13. Гогон. 15. Кадæг. 17. Гадæкк. 18. Тарраз. 19. Наган. 21. Сатин. 23. Оцани. 25. Æфтаугæ. 27. Скрипкæ. 28. Борæтæ. 29. Рæувад.**

**БЫНЫРДÆМ: 1. Къæсса. 2. Сæкка. 3. Барæг. 4. Къогъо. 6. Æмбонд. 11. Деканат. 12. Галæгон. 13. Гуыркъо. 14. Гудаута. 15. Какон. 16. Гутон. 20. Гранит. 22. Ахстон. 24. Найфат. 25. Æфсæн. 26. Æгæрц.**

# «Рæстдзинад»-ы мæсыгамайджытæ



**Къамы: «Рæстдзинад»-ы сæйраг редактор ХЪАНЫХЪУАТЫ Валодя (лæууы), галиуырдыгæй йæ фарсмæ бады газеты уацхæссæг САУКУЫЙТЫ Иссæ. Кæрæтты чи бады, уыцы дыууæ нæлгоймаджы нæмттæ, хъыгагæн, нæ зонæм. Газеткæсджытæй сæ исчи кæд базона, уæд, уæ хорзæхæй, ныффыссут нæм.**

**Къам ист æрцыд 50-æм азты.**

**Фембæлд**

# Уыдон садойнаг дидинджытæ сты

**Сæ рагфыдæлты уæзæгмæ цæуыны бар Турчы цæрæг ирæттæн куы фæци уæдæй фæстæмæ, гæнæн æмæ амалæй ссæуынц Ирыстонмæ. Афтæ, ÆЛБЕГТЫ Лейлæ дæр фыццаг хатт куы 'рлæууыд ирон зæххыл, йæ сыгъдæг уæлдæфæй йын риуыдзаг куы сулæфыд, цъитиджын хæхтыл йæ цæст куы ахаста, уæд ма йæхицæй амондджындæр кæм уыдис.**

– Мæ хистæртæй куыд хъуыстон, фæлтæрæйфæлтæрмæ кæй лæвæрдтой, уыцы раныхасмæ гæсгæ, нæ фыдæлтæ цардысты Уæлладжыры комы, Садоны. Цыдæр аххосæгты тыххæй Æлбегтæ хæхбæстæй рацыдысты быдырмæ æмæ 'рцардысты Заманхъулы. Дарддæр, историон бæрæггæнæнтæм гæсгæ, хуыздæр цард агурæг афтыдысты Туркмæ. Дард фæндагыл цы зындзинæдтæ, цы хъизæмæрттæ бавзæрстой, уый тыххæй та дам-иу никуы дзырдтой нæ фæрнджын хистæртæ. Мæхи цас хъуыды кæнын, уыйбæрц уыдтон, куыд мысыдысты æмæ куыд бæллыдысты Ирыстонмæ ссæуынмæ, уый.

Фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы, хуымæтæджы нæ фæзæгъынц. Мæ фыдыфыд Æлбегты Хамырзæ, мæ фыдымад Саламты Елдыз нын-иу, æнкъардæй дардмæ кæсгæйæ, арæх дзырдтой Иры зæххы тыххæй, фæндыд сæ, цæмæй уарзæм æмæ зонæм нæ мадæлон æвзаг. Бирæ сывæллæттæй сæ цуры хъомыл кодтам, бахъахъхъæдтам нæ ном, æгъдæуттæ, ирон фарн нын тынг зынаргъ у. Нæ мадымад та Куындыхатæй уыдис. Йæхæдæг хорз арæхст æмæ мах дæр хуыйын, бийыныл ахуыр кодта. Абон дæр цæстыгагуыйау хъахъхъæнæм, сæ фæлмæн къухтæй кæмæ æвнæлдтой, уыцы рагон дзаумæттæ – арынг, рæхыс, къæрта, гогон, тебæ, суанцъы, гыццыл куырой. Суанг ма мæ фыдыфыдæн йæ фыды хъама дæр æфснайд у. Махæн зынаргъ сты, ног фæлтæртæ дæр сын аргъ кæндзысты.

Мæнæн дæр ме стыр бæллиц сæххæст 2009 азы. Кæдæй уæдæй ссыдтæн Ирыстонмæ. Садонæн фæкодтон мæ уарзон ныхæстæ, салæмттæ йын радтон дард Турчы бæсты ирæттæй. Фембæлдтæн бынæттон цæрджытимæ, уыдысты Битартæй, Икъатæй, Æлбегтæй. Садонæй мæ мæ къах нал хаста. Бæрзæндыл æртыдтон алыхуызон рæсугъд дидинджытæ, чиныджы сыфты сæ бавæрдтон, уый фæстæ сæ ныв сарæзтон æмæ йæ хæдзары къулыл бакодтон. «Уыдон садойнаг дидинджытæ сты» – сæрыстырæй фæзæгъын алкæмæн дæр, – дзуры Лейлæ.

Ацы аз дæр та Лейлæ йæ хо Сухейдæимæ радон хатт ссыд Ирыстонмæ. Архайдтой ирон бæгæныйы стыр фестивалы. Йæ ныхасмæ гæсгæ, туркаг ирæттæй рох уыд ирон бæгæны фыцыны сусæгдзинад. Фыхтой æрмæст къуымæл. Ныр алы аз дæр бæрæгбонмæ сцæттæ кæнынц чъиритæ, сфыцынц нæртон бæгæны. Лейлæ у амалхъом адæймаг, адæмæн уарзон у йæ ресторан «Фыдджын», Национ-культурон æмæ хæрзаудæн фонд «Алан»-ы уæнг кæны стыр æхсæнадон куыст. Уымæй уæлдай, Лейлæйы хъæппæрисæй арæзт цæуы чиныг. Бакæсæн дзы уыдзæн ирон мыггæгты тыххæй, рагон национ хæринæгтæ æмæ культурон царды тыххæй.



Хицæнæй дзы фыст уыдзысты, сæ мæгуыр, се 'гуыдзæг царды уавæртæ фæхуыздæр кæныны тыххæй, Туркмæ куыд афтыдысты не 'мзæххонтæ, цы фæндæгтыл фæцыдысты, сæ куыстуарзондзинад æмæ 'гъдауы тыххæй сæхи куыд бауарзын кодтой бынæттон адæмæн. Лейлæ куыд зæгъы, афтæмæй ног чиныг фыццаг рацæудзæн туркаг æвзагыл, стæй та англисаг æвзагыл дæр. Нырткæкæ фидæны чиныгæн æрмæг æмбырд кæнынц, чи сæм фæкæса, уыдонæй бузныг уыдзысты.

Æлбегты Лейлæйæн Ирыстоны ис бирæ хорз æмбæлттæ. Уыдонæй иу у нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг Битарты Ларисæ. Ларисæйы фæндонæй нæ хотæ Лейлæ æмæ Сухейдæ бабæрæг кодтой газет «Рæстдзинад»-ы редакци, æмæ сын арфæ кæнæм. Нæ иннæ фембæлдмæ!

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ**

**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот.**
**Тел.: 8-918-706-65-15 (Казбек).**

**Оказываю услуги электрика качественно, надежно.**
**Все виды работ с гарантией.**
**Выезд и консультация бесплатно.**
**Тел.:**
**8-918-702-00-82 (Казбек).**

**Для повышения плодородия почвы продаем лучшее органическое удобрение – конский перегной в мешках. Доставка.**
**Тел.:**
**8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

Номыры радхæссæг редактор — **Касаты Батрадз.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Хъойбайты Галинæ;**
4-æм фарсæн – **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2530. Заказ № 1064. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**